Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого, лъилъе, нилъ гьечIого, хур.
Инхоса ГIали-хIажи



www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 24 (6544) 8 май 2017 с. Итни ШагIбан 1438 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИ

## Баркула КIудияб Бергьенлъиялъ 72 сон тIубаялъул байрам

**ХIурматиял КIудияб ВатIанияб рагъул ва захIматалъул ветеранал, рагъул байданазда ва рагъдаса руссун хадур абадиялъ берал къанщаразул гIагаборал ва районалъул тIолалго гIадамал! Гьале тIаде щолеб буго нилъер щивасе бищунго хирияб байрам – Советияб халкъалъ гитлерилаб фашизмалда тIад бергьенлъи босаралдаса 72 сон тIубараб къо. РакI-ракIалъ баркула нужеда гьеб байрам.**

1945 соналъул 9 май – гьеб ккола тIолабго халкъ чIухIараб, гIасияб, гурхIел-рахIму гьечIеб, 1418 сордо-къоялъ халатбахъараб рагъ лъугIараб къо. ТIолабго Россиялъул халкъазда ва гьелъул бахIарчиял яргъилал къуватазда цадахъго, гьеб къо кIодо гьабулеб буго СССРалде гъорлъе унел рукIарал тIолалго улкабазул халкъаз, гьединго фашистаздаса нилъер Армиялъ эркен гьурурал Европаялъул халкъазги.

Нилъеца бетIер кълула рагъул авлахъаздаго хутIарал, гьениса тIадруссун хадур гIумруялдаса ратIалъарал рагъухъабазе, тылалда хIалтIаразе. Гьез хIехьараб гIакъубакъварилъиялъул бицун хIал кIвеларо.

Бергьенлъи босараб къо ккола нилъер щивасе бищунго гIагараблъун, бищунго хирияблъун ва кIочонареблъун. Гьеб байрам тIобитIулаго нилъеца ракIалде щвезарула дол кьварарал рагъул соназул лъугьа-бахьинал. Лъидасаго цере нилъеца гIорхъи гьечIеб рокьиялдалъун ракIалде щвезарула тушманасда тIад бергьенлъи босиялъе гIоло хвалда бадире арал рагъул ветераналги захIматалъул фронталда къуркьичIого хIалтIаралги.

ХIурматиял районцоял, нилъ чIухIарал руго КIудияб Бергьенлъиялъулъ бакълъулазулги бутIа букIиналдаса. КIудияб ВатIанияб рагъде Гумбет районалдаса ана 1380 чи. Абадиялъего кьалул байданалда къурбанлъана 866 чи.

КIудияб ВатIанияб рагъулъ советияб халкъалъ ва гьездаго гъорлъ нилъер районцояз бихьизабураб гьунар чIаго букIине буго гIасрабаз. ВатIан цIунулаго жидерго рухIал кьурал бахIарзазе даимаб рецц.

Баркула бергьенлъиялъул байрам, хирияб районцоял. Гьарула щивасе халатаб ва талихIаб гIумру, даимаб рохел, гьабулеб ишалъулъ битIккей, сундулъго икъбал, щулияб сахлъи, хIалтIулъ бергьенлъаби, хъизан-рукъалъулаб талихI. Бихьугеги кидаго рагъул кьогIлъи ва вахIшилъи.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

## РочIчIоб магIарде ток бачиналъул ва цоги суалал рорхана

**Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат НурмухIамад ГIалиевас гIадамал къабул гьаруна**

**Килалъ росдал гIадамал къабул гьаруна Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат НурмухIамад ГIалиевас. ГIадамал къабул гьариялда гIахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров, депутатасул кумекчагIи ГIалихан Бегаев, ГIали ГIумархIажиев, ТIалхIат Жамалудинов, Килалъ росдал бетIер АхIмад Каримов.**



ГIадамаз рорхана социалияб, экономикияб кIваралъул, жидеего хIажаталъул хIакъалъулъ суалал. Масала, роолил мучIдузде нух къачIаялъул, щулалъиялъе къадал гьариялъул, росдал клубалъе скамейкаби щвеялъе кумек гьабиялъул, 2006 соналъ тIабигIияб балагьалъ ккезабураб зарал бецIиялъул, росулъ медпункт баялъул ва гIемерал цогидалги суалал. Депутатас бакIалдаго цо-цо масъалаби тIуразелъун, телефоналдасан бухьен ккуна министерствабазе нухмалъулезулгун, гьел тIурай хъаравуллъиялда ккве-лилан ва кумек гьабилин абуна.

Килалъ росдал поселениялъул администрациялъул бетIер АхIмад Каримовас баркала кьуна, килдерил масъалабазде кIваркьун бербалагьи гьабуралъухъ.

**«Гумбет» РИО**

БАРКИ

## «ГIагараб ракь бокьиялъе гIоло» хIурматияб гIаламат

**ХIурматияв СайгидахIмад СалихIович!**

Гумбет районалъул администрациялъул хIалтIухъабаз ва районцояз, Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул председателасул тIоцевесев заместитель АхIмадов СайгидахIмад СалихIовичасда ракI-ракIалъ баркулеб буго «ГIагараб ракь бокьиялъе гIоло» хIурматияб гIаламат кьей.

Гьарула сахлъи, талихIрохел, гIагараб Дагъистан тIегьаялъе гIоло гьабулеб хIалтIулъ бергьенлъаби!



**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

НОМЕРАЛДА РУГО:

**ГIали ГIалиев**

**Баркула хIурматияб цIар!**



-2 гьум.

**СайгидахIмад Ибрагьимов**

**Дагъистан Республикаялъул мустахIикъав бакIал ралев чи**



-2 гьум.

**Хваразул пенсия кваналелги камуларо**



-3 гьум.

БЕТІЕРАВ РЕДАКТОРАСУЛ ПИКРУ

# Танказул «Шамил» колонна

### Чанги тушманасул бетІер чІинтІараб

**Араб анкьалда, ай 2017 соналъул 25 апрелалда, талат къоялъ, РИА «Новости», «Известия», «Коммерсант» гІадал информациялъул алатаз харбал тІиритІизаруна исана лъабабилеб апрелалда Санкт-Петербургалъул метроялъуб теракт гьаби тІаде босун рагІулила «Шамил имамасул батальон» абураб, «Аль-КъагІидагун» рекъараб террористияб къокъаялъ. «Reuters» («Рейтер») абураб, Англиялъул тахшагьар Лондоналда бугеб информациялъул агентствоялъ къватІибе къун буго тІоцебе гьеб лъазаби. Россиялъул сайтазги, халго гьабичІого, бахъун буго. Щибго къучІ гьечІеб хІай, провокация кколин гьеб ишилан рикІкІунеб буго цо-цо политологаз. Жидерго мекъал мурадал тІуразаризе Шамил имамасул цІаралдасан пайда босизе бокьарал къуватал кидаго рукІана ва жакъаги камун гьечІо.**

Шамил имамасул ва Кавказалъул цоги имамзабазул цІарал жакъасел террористазги цоги къокъабазги жидерго хасал, исламалдасаги гІадамазул нухалдасаги рикІкІадал къасдазе гІоло хІалтІизаризе хІаракат бахъулеб буго. Гьеб хІаялда жаниб буго исламалда, гьелда хадубго – кавказиязда, дагъистаниязда ва магІарулазда тункизе, къаби щвезабизе бокьи. Амма гьединал гьарачагІазул, бидулазул, залимзабазул анищал тІуразе гьечІо, гьезул дунялги ахиратги гІадада хола.

Дагъистаналъул халкъазул батІи-батІиял вакилзабаз хитІабал хвана, Россиялъул машгьурал информациялъул алатаз аслу ва мухІканлъи гьечІел харбал тІиритІизариялъул бугеб заралалъул бицарал ва гьел сайтаздаса Шамил имамасул цІар квешаб рахъалъ рехсарал информациял нахъе рахьеян.

Тарихчи ва журналист ШагІбан ХІапизовас рикІкІунеб буго гьеб гьересияб хабар тІибитІизаби хІалихьатаб, гІорхъолъа борчІараб хІай, провокация кколилан.

«ЦІех-рехалъул хІалтІухьабаз абулеб буго исана 3 апрелалда Санкт-Петербургалда теракт гьабурал хъачагъал Гъоркьохъеб Азиялдаса ругилан. Амма гьеб такъсиралъул цІех-рех гьабун бахъун гьечІо ва диваналъ хІукму къотІичІо. Гъоркьохъеб Азиялдаса хъачагъаз гьеб вахІшилъи гьабун батаниги, гьел лъай мукъсанал ва мухьдахъ рукІа-рахъиналъул хІалтІаби гьаризе рачІарал азиялъулазда Шамил имам лъалин абураб жоялда божуларо. Хъубаб ва нахъегІанаб гьеб теракт гьабурал такъсирчагІазулгун кинабгІаги гьоркьоблъи гьечІо магІарулазул, дагъистаниязул ва Шамил имамасул хІурмат гьабулелщиназул. Гьаб информациялъулаб хІаялъе жаваб кьезе ккола, гьеб ургъаразул заралиял мурадал тІурачІого рукІине», - ян абуна ШагІбан ХІапизовас.

Исана Шамил имам гьавуралдаса 220 сон тІубала. Шамил имам вуго магІарулазул, кавказиязул Миллияв БахІарчи. Гьесул цІар цІунун рагІи абуларев чи унго-унгояв кавказиявлъун рикІкІине бегьуларо. Шамил имамас гІадаб гІакъуба исламалъе ва Кавказалъе гІоло лъиданиги хІехьечІо. Кавказалъе гІоло щвана гьесда анцІ-анцІ ругъун. Гьел лъугьана Кавказалъулго ругъналлъун. Мехмехалда унтула гьел, ссудула.

«Марксица къимат кьурав кьалул цевехъанасде къучІ биларабеб пероялъ гьагал чІорал рехана», - абун хъван букІана цебесеб гІасруялъул бащалъуда ЦІадаса ХІамзатица. КъучІал риларал къалмал дагьлъулел гьечІо дуниялалда.

1999 соналъул августалда халкъазда гьоркьосел хъачагъалгун Дагъистаналда тІаде кІанцІарав Басаевас гьеб гьужумалда «Операция «Имам ГъазимухІаммад»» абун цІар лъуна. Гьебго соналъул сентябралда ЦІияблак районалде гьабураб тІадекІанцІиялда «Имам ХІамзат-бег» абураб цІарги лъун буго хъачагъаз. Амма унго-унгоял гІалимзабаз ва Дагъистаналъул халкъаз гьел гьарачагІи Кавказалъул имамзабазул ирсилаллъун къабул гьаричІо, гьезие гьединалъун жалго рихьизаризе кигІан бокьаниги. АхичІого рачІарал хъачагъаз ва питначагІаз биял тІуна ва гьел сабабалъун Дагъистаналъул росаби щущазаруна, рагъулал самолетаз тІаде топалги ран. Басаевасулги ХатІабилги бетІерлъиялда Дагъистаналда тІаде кІанцІараб «Исламияб ракълилаб бригадаялъ» гьединаб, бидулги къварилъабазулги цІураб «рекъел» босун бачІана республикаялде.

Кавказалъул имамзаби ва гьездаго гьоркьов Шамил имам руго дунялго жидеца асир гьарурал, ритІухълъиялъулги, тушманасдехунцин бугеб рахІмуялъулги, гІакъиллъиялъулги, гІелмуялъулги мисалаллъун хутІарал, гІадегІанаб макъамалъул тарихиял хІаракатчагІи.

КІудияб ВатІанияб рагъул заманалда, дагъистанияз жиде-жидер буголъиялдаса садакъаги гьабун, фронталъе кумекалъе танказул колоннаби ва бронепоездал гІуцІизе гІарац кьуна. Гьедин гІуцІараб цо танказул колоннаялда «Шамил» абун машгьурав Кавказалъул имамасул цІар лъун букІана. Гитлерил маргьабазе ахир лъеялъулъ бутІа буго танказул «Шамил» колоннаялъулги.

**ГІизудинил ХІамзат**

НИЛЪЕР БЕРГЬЕНЛЪАБИ ВА ШАПАКЪАТАЛ

## ГІали ГІалиев

### Баркула хІурматияб цІар!



**ГІалиев ГІали МухІамадович гьавуна 1962 соналда ЛъаратІа росулъ. ЛъугІизабуна МахІачхъалаялъул росдал магІишаталъул техникум. 1981 соналда ветеринарасул махщелгун хІалтІизе лъугьана Гумбеталъул ветстанциялде. 1985 соналда заочно цІализе лъугьана Горскиялъул росдал магІишаталъул институталде.**

2013 соналъул октябрь моцІалда ГІали ГІалиев тІамуна Гумбет районалъул ветеринарияб управлениялъул нухмалъулевлъун.

Дагъистан Республикаялъул бетІер Рамазан ГІабдулатІиповасул Указалдалъун хІалтІулъ росарал бергьенлъабазе гІоло ГІали ГІалиевасе «Дагъистан Республикаялъул мустахІикъав ветеринарияв врач» абураб цІар кьуна.Гумбет районалъул ветеринарияб управлениялъул хІалтІухьабаз, гІага-божараз ракІ-ракІалъ баркулеб буго ГІалида ХІурматияб цІар. Гьарула хадубккунги хІалтІулъ бергьенлъаби, чорхое сахлъи, даимаб рохел.

## СайгидахІмад Ибрагьимов

### Дагъистан Республикаялъул мустахІикъав бакІал ралев чи



**ХІурматияв СайгидахІмад ХІажиевич!**

«Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъ ракІ-ракІалъ баркула Дагъистан Республикаялъул «Дорожный контроль» пачалихъияб казенниyaб учреждениялъул инженер Ибрагьимов СайгидахІмад ХІажиевичасда, «Дагъистан Республикаялъул мустахІикъав бакІал ралев чи» абураб хІурматияб цІар къей.

Гьарула талихІ-рохел, хадубккунги хІалтІулъ бергьенлъаби!

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІерасул ишал тІуразарулев ГІабдулахІажи ГІабдулкъадиров**

АНТИТЕРРОР. СПОРТ – ТЕРРОРАЛДА ДАНДЕ

# Килдерил бергьенлъаби

### Бакълъулазул командабазда гьоркьор мини-футболалъул къецал тІоритІана

**Дагъистан Республикаялъул бетІер Рамазан ГІабдулатІиповасул «Человеческий капитал» приоритетнияб проект гІумруялде бахъинаби, гІолилазда гьоркьоб гьудуллъи щулалъи, физическияб культураялде, спорталде гьел машгъуллъи мурадалда, «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул культураялъул, физическияб культураялъул, спорталъул, гІолилазул политикаялъул отделалъ ва «Анлъабилеб континент» дармил рукъалъ тІоритІана Гумбет районалда командабазда гьоркьор мини-футболалъул къецал. Гьеб сайгьат гьабун букІана КІудияб ВатІанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 72 сон тІубаялъе.**

Къецазда гІахьаллъана 41 команда. Гьел тІоритІана Красноармейск поселокалда «Спарта» спортивияб клубалъул футбол хІалел байдабазда. Къецал ана «Гумбеталъул гІолилал терроризмалда данде», «Нижеда кІоченаро, ниж чІухІарал руго» абурал ахІиязда гъоркь.

Гьеб тадбир рагьана культураялъул, физическияб культураялъул, спорталъул, гІолилазул политикаялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель **НурмухІамад МухІамадовас.** Гьес бицана Гумбеталда спорт цебетІеялъе гьабулеб бугеб хІалтІул. 5 росулъ гьабуна ва хІалтІулеб буго мини-футболалъул байдан. КІудияб Бергьенлъиялъул къоялде Гъоркь Инхобги лъималазе ва гІолилазе сайгъат гьабизе буго мини-футболалъул байдан. МелъелтІаги гьабулеб буго гьебго байдан. 6 росулъ хІалтІулел руго




гІемерфункциялъулал спортивиял байдаби.

Районалъул нухмалъулезул рахъалдасан Н. МухІамадовас баркала загьир гьабуна мини-футболалъул турниралъул спонсор, «Анлъабилеб континент» дармил рукъалъул генералияв директор Камалудин Бибулатовасе, гІицІго росдал гуребги, районалъул, республикаялъул кІваралъул гІолилазул политика гІумруялде бахъинабиялъулъ гІахьаллъи жинца гьабулев.

Турниралда гІахьаллъаразе насихІаталъулал, гьел спортивиял къецазда бергьенлъаби щвеялде ахІулел кІалъаял гьаруна къецазул бетІерав судья **МухІамаднаби ГьалбацІовас, Камал Бибулатовас.**

«Анлъабилеб континент» дармил рукъалъул призазе гІоло мини-футболалъул щибаб сонилаб турнир исана лъабабилеб нухалъ тІобитІана 3 батІияб гІелалъул спортсменазда гьоркьоб: 12 сон тІубачІезда, 40 сон бачІезда ва 40 ялдаса тІадехун сонал раразда.

12 сон тІубачІезда гьоркьоб тІоцебесеб бакІ «Килалъ», кІиабилеб бакІ «Килалъ № 2», лъабабилеб бакІ «Гьоркь Инхо» командаялъ ккуна.

40 сон бачІел футбол хІалезда гьоркьоб тІоцебесеб бакІалъе «Анлъабилеб континент» дармил рукъалъул, кІиабилеб бакІалъе «Килалъ» ва лъабилеб бакІалъе «ЦІилик» команда мустахІикълъана.

40 соналдаса тІадехун арал футболалъул ветераназул командабазда гьоркьоб тІоцебесеб бакІ «Килалъа профессионалал» командаялъ ккуна.

Бергьенлъи босаразе «Гумбет район» муниципалияб районалъул грамотаби ва кубокал, дармил рукъалъул рахъалдасан гІарцулал сайгъатал кьуна.

**«Гумбет» РИО**

НИЖЕР ГАРА-ЧIВАРИ

# Хваразул пенсия кваналелги камуларо

**«Гумбет» газеталъул хIалтIухъаналъул суалазе жавабал кьолел руго Россиялъул Пенсиязул фондалъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев ТIалхIат Жамалудиновас**

**- ТIалхIат гIадамазе бигьа букIуна жидерго харж яги пенсия банкалъул карточкаялдасан босизе, босараб кредит гьенисанго бецIизе. Апрель моцIалдаса байбихьун 80 сон барал пенсионеразул банкалде рехулеб пенсия гьезухъе кодобе кьуна. Щай гьеб гьедин ккараб?**

- Пенсия пенсионерасухъе щвезабиялъул киналго къагIидаби гьезие бигьалъиялъе, гьезие санагIалъиялъе гIуцIарал руго. Амма цо-цо закон хвезабулел, гьел гьарурал санагIалъаби жидерго мурадазе хIалтIизарулел гIадамаз, пенсионнияб фондалъул сурсатал рикъиялде квер бегьулеб букIиналъ, ниж тIамулел руго гьедин цо-цо галаби тIамизе. Масала, гьедин халгьабидал тIатана жидер хварал пенсионеразул пенсия жидеего босулел гIадамал рукIин. Гьез цебего ургъун пенсионер тIамулев вуго гIарац банкалде рехизе нижехъе гIарза хъвазе, банкалдаса гIарац босулеб буго карточкаялдасан гIагараз. Хвейги бахчун пенсия босулеб буго жидецаго. Амма гьеб халат хутIуларо ва тIатинчIого букIунаро. Уголовнияб тамихIалде цIалеб гьеб гIадлу хвезабиялъе кумек гьабулеб буго росабазул администрациязда ва медицинаялъул хIалтIухъабаз. Законалъ бихьизабун бугеб къагIидаялда гьез хъвалел гьечIо актал, кьолел гьечIо нижехъе баянал (АДВ-8). Банказ гIуцIулел гьечIо пенсияби чияхъе кьунгутIиялъе шартIал. Гьединаб хIал батараб банкалъулгун пенсионнияб фондалъ пенсия пенсионерасухъе щвезабиялъул договорал риххизе ккола руго.

**ГIемер кьолеб суал буго – пенсия кин ва лъица пенсионеразухъе щвезабулеб?**

Гьеб суал тIубазабула № 400 –ФЗ Федералияб Законалда рекъон. Гьениб абулеб буго: «пенсия пенсионерасухъе щвезабулеб къагIида бищила живго пенсионерас». Гьес яги гьесул вакилас кьола гьелда рекъон гIарза пенсионнияб фондалде. Цойги батIияб къагIида законалда бихьизабун гьечIо

**- КIудияб кIвар кьолеб буго ХIукуматалъ предпринимательлъи цебетIезабиялде. Нильер районалдаги руго рекьарухъабазулгун фер-**



**меразул магIишатал, жалго жидедаго чIун хIалтIулел (индивидуалиял) хозяйстваби, индивидуалиял предпринимателал. Гьезухъа пенсионнияб фондалде ракIарулел руго взносал. Кин гIуцIун бугеб гьеб хIалтIи нильер районалда?**

- Нильер районалда налоговияб органалда регистрация гьабураб кинабниги 509 магIишат рагьун буго. Гьездасан хIалтIулел (действующие):

1.КФХ (юридические лица) жидеца мухь кьун хIалтIи гьабулел – 148 магIишат.

2.КФХ (физические лица) живго бетIергьанчи хIалтIулеб - 197 магIишат.

3.Жалго жидедаго чIун хIалтIулел предпринимателал - 164 чи.

КФХяз (юр.лицо) кьезе ккола отчет РСВ-2 ва гьелда рекъон рехизе ккола страховиял взносал.

КФХяз (физ.лицо) ва жалго жидедаго чIун хIалтIулел предпринимателаз рехизе ккола щибаб соналъул 31 декабралде ХIукуматалъ гьеб соналъе чIезабураб (фиксированнияб платеж) къадар взносазул .

Щибаб соналъул гIарац батIи-батIияб буго:

2017 соналъул 1 январалдаса байбихьун страховиял взносал ракIариялъул хIалтIи (администрирование) пенсионнияб фондалъ гьабуларо. Гьеб хIалтIи тIад кьана налогазул органазда. БичIчIине ккараб буго пенсионнияб фондалде кьолел взносазда бараб бугеблъи щивасул букIинесеб пенсия. Щибаб организациялъул руководителасдаги бухгалтерасдаги бараб буго жидер хIалтIухъанасул пенсиялъул суал. Аслияб куцалда пенсия чIезаби нахъчIвазе ккола гьезул гIайибалдалъун. Хасго судалдасан пенсия чIезаби гIемер ккола учительзабазул ва врачазул.

**- Районалда гIолохъанал хъизабазе щолеб буго кIиабилеб лъимер гьабураб мехалда кьолеб эбелалъул (хъизаналъул) капиталалъул кумек. Бокьилаан гьеб хIалтIул кинал хIасилал ругелали лъазе.**

- 2007 соналъул 1 январалдаса байбихьун кIиабилеб яги хадусеб лъимер гьабураб хъизаналъул гIарзабазда рекъон нижеца гIуцIула щивасе дело ва кьола сертификат. Кинабниги 2007 соналдаса жакъа къоялде щвезегIан кьуна – 1412 сертификат.

Законалда бихьизабухъе сертификаталъул бакIалда аслияб къагIидаялда – мина-карт босулелъул чIезабураб гIарац кьун буго лъимераль 3 сон бан хадуб – 776 чиясе. Гьездаго гьорлъ руго, законалъул бихьизабиялда рекъон мина-карт базелъун банкалдаса кредит босарал хъизаби. Гьеб кредит бецIизелъун пенсионнияб фондалъ гIарац банказде рехун буго.

Нижер отделалда гьеб хIалтIи гьабизе тIадкъарав цо специалист вуго. Улбузда бихьун батила кигIан гIемераб хIалтIи гьабизе кколебали гьев хIалтIухъанас, амма хIалтIи берцинго рагIалде бахьинабизе бажарун буго. Гьелъие рес кьола живго хIалтIухъанасул ва техникагун программаби гьесда хIалтIизарун бажариялъ. Нижехъе документал гьарулаго умумуздаги гIезегIан гIакъуба бихьулеб буго. Гьеб рахъалъ кIудияб кумек буго районалда бугеб МФЦялъул. Жеги районалъул росабалъ мина-карталъул документал гьарун гьечIолъиялъ, халат бахъунеб буго кколел документал хIадури.

Эбелалъул капитал хIалтIизабизе цойги ресги кьолеб буго законалъ – лъимер-инвалид хъизаналда бугони гьесие кколел сахлъиялъе шартIал санагIалъаби (реабилитация) гьаризе капиталалъул гIарац харж гьабизе бегьула.

**- Районалъул администрациялъ ва цо-цо организацияз рихьизарун руго хасал телефоназул номерал, жидер къваригIел тIубачIеб мехалъ гIарз бахъун кIалъазе. Нужеца гьеб рахъалъ щиб гьабулеб бугеб?**

- Пенсионнияб фондалъул отделалда 4 соналъ цебего гIуцIун буго пенсионеразулгун ва цойги клиентазулгун гьабулеб хIалтIиялъе къимат кьолел къагIидаби.

Гьезда гьорлъе ккола:

Отделалъул фойеялда буго хасаб тIехь «Книга предложений и жалоб».

Гьенибго къеда бан буго кагътазе, гIарзабазе бугеб рехсараб ящик.

Нижер буго кIиго телефон:

а) «Горячая линия» - 26 479 –клиентазул хъулухъалъул руководителас жаваб кьолеб.

б) «Божилъиялъул телефон» - 26 345 – отделалъул нухмалъулес жаваб кьолеб.

«Божилъиялъул телефоналда» кIалъарав чиясухъ гIенеккула дунго ва кIалъарасул цIар рехсечIого, гьесул замечаниял, предложениял яги бихьизабураб гIунгутIи, хIалтIухъанасул рехсараб хIалтIулъ хех тадбир гьарун тIагIинабиялъе хIалтIи гIуцIула.

Коллективалъул щивав членасул аслияб хIалтIилъун нухмалъулес рикIкIуна тIаде вачIарасухъ гIенеккизе лъай, гьесул мурад бичIчIине хIаракат бахъи, гьесда законазул тIалабал ричIчIинаризе бажари ва законалда рекъон кколеб даражаялда гьесие пенсия яги пособие чIезабизе хIалтIи гьаби. Гьеб тIалабалда данде чIарав ОПФРалда хIалтIун дандеги кколаро.

Гьеб тIалаб гьабиялъ батила 2016 соналъ Гумбет районалдасан цониги гIарза букIинчIеб нижеда тIасиял органазде.

**- Учительзабазул ва врачазул стажалде гьорлъе гьел цIалулеб ва армиялда хъулухъ гьабураб заман малъулищ?**

- Гьел суалазе жаваб хъван буго:

-28.12.2013 соналъ бахъараб №400-ФЗ Федералияб Законалда;

-17.12.1959 соналъ бахъараб СССРалъул Министрзабазул Советалъул хIукмуялъ тасдикъ гьабураб № 1397 Положениялда;

-16.07.2014 соналъ бахъараб Россиялъул ХIукуматалъул № 665 хIукмуялда;

-12.10.1967 соналъ бахъараб № 1950-VII «Киназдаго тIадаб рагьулаб хъулухъалъул хIакъалъулъ» СССРалъул Законалда;

Гьел документазда рекъон:

-педагогикияв хIалтIухъанасе педагогикияб цIалул заведениялда цIалараб заман стажалъе малъула, гьев цIализе лъугьинелдеги ва цIалун хадувги школалда яги лъималазул ахикь хIалтIула вукIун ватани. Гьенибги буго цойги хIисабалде босулеб хIужа - цIалул заведение лъугIун букIине ккола 1993 соналъул 1 октябралде;

-педагогасе ва медхIалтIухъабазе армиялда хъулухъ гьабураб заман стажалъе малъула пенсия чIезабулеб заманалде гьесул болжал щвелалдего пенсиялъе ихтияр щолеб стажалъул лъабго бутIа гьабун кIиго бутIа гIолеб бугони. Гьеб бакIалдаги хIисабалде босула хIужа-армиялда хъулухъ гьабураб заман лъугIун букIине ккола 1993 соналъул 1 октябралде.

-рагъул цIалул заведениялда курсантлъиялъул заманги армиялда хъулухъ гьабурабги рикIкIунеб стаж хIисабалда босула.

**Гара-чIвари гьабуна Къурмагьиз ХIадисовалъ**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# Росдал гIолохъабазул гъункиялъул къо

**Къуръан цIали, квар цIай, хIободе хари, гугари, рекери, кIанцIи, теннис ва торгIо хIай**

**29 абилеб апрелалъ Гумбет районалъул Килалъ росулъ тIобитIана кIудияб байрам «Росдал гIолохъабазул гъункиялъул къо». Гьеб букIана диниябгун спорталъул байрам, кир ругелги килал данде ахIараб, хIатта ГIарабалъ рукIаралцин рачIана гьенире гьеб къоялъ. Исана гьеб байрам тIобитIана 1998 соналъ росдал гьоркьохъеб школа лъугIарал гIолилаз, араб соналъ лъилъар гьез борхун букIана.**



Байрамалъул программаялда рукIана Къуръан цIалиялъул, квар цIаялъул, хIободе хариялъул, гугариялъул, рекери, кIанцIи ва тенисгун торгIо хIаялъул къецал.

Байрам рагьана росдал администрациялъул бетIер **АхIмад Каримовас**. Гьес киназдаго баркана байрам. АхIана мавлид, гьаруна вагIзаби. Гугариялъул ургуялде тIоцере рахьана жидер гIумру 90 сониде гIагарлъарал СалихI МухIамадовги Дибир ГIумарасхIабовги. Гугарун гьел цоцакьа къечIо, кIиясего кьуна бергьенлъи, гьедин байбихьана спортивиял къецал. Къецазда бергьаразе кьуна грамотаби, гIарцулал сайгъатал ва горал.

Исана гьеб тадбир гIуцIарал гIолилаз гьабун бугоан лъикIаб хIадурлъи.

Цересел соназ букIинчIеб цIияб конкурсги букIана гьениб динияб авар мацIалъул къецал. Росдал гIолохъабаз бихьизабуна спорталде бугеб гьунарги гьелде бугеб гьираги. Исана гьеб тадбир гIуцIарал гIолилаз жидерго учительзаби ракIалдещвезаруна ва кьуна кьиматал сайгъатал, абуна щивасул махщалида рекъарал баркиялъулал рагIаби.

Ахиралда лъльар борхана 1999 соналъул выпускниказ, тIадеялъул гьединабго байрам тIобитIизе.

**Исрапил Заирбегов**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## Уголовная ответственность за необоснованный отказ в приеме на работу или необоснованное увольнение женщины по мотиву беременности

**Как следует из статьи 19 Конституции Российской Федерации, государство гарантирует равенство прав и свобод человека и гражданина независимо от пола, мужчины и женщины имеют равные права и свободы и равные возможности для их реализации. В связи с этим, беременным женщинам и женщинам, имеющим детей в возрасте до трех лет, на законодательном уровне предоставлены дополнительные гарантии защищенности, в том числе в сфере труда.**

Статьей 145 Уголовного кодекса РФ предусмотрена уголовная ответственность за необоснованный отказ в приеме на работу или необоснованное увольнение женщины по мотивам ее беременности, а также за необоснованный отказ в приеме на работу или необоснованное увольнение с работы женщины, имеющей детей в возрасте до трех лет, по этим мотивам.

Таким образом, государство создает дополнительные гарантии возможности беспрепятственной реализации права на труд для указанной категории женщин.

По смыслу ст. 145 УК РФ необоснованными признаются незаконные действия, противоречащие трудовому законодательству, дифференцирующие права граждан на использование трудовых ресурсов мужчинами и женщинами. Для наличия в действиях работодателя состава данного преступления не обязательно наступление каких-либо вредных последствий, деяние считается оконченным в момент совершения противоправных действий, связанных с необоснованным отказом в приеме на работу или необоснованным увольнением указанной категории граждан. При этом принципиальное значение имеет осведомленность работодателя о нахождении женщины в состоянии беременности (независимо от срока беременности) или наличии у нее детей в возрасте до 3 лет.

Обязательным признаком состава преступления, предусмотренного ст. 145 УК РФ является мотив: действия работодателя продиктованы нежеланием иметь на работе беременную женщину или женщину, имеющую детей в возрасте до трех лет.

Субъектом данного преступления может быть только должностное лицо, имеющее право приема на работу или увольнения, либо лицо, выполняющее управленческие функции в коммерческой или иной организации. Действия работодателя, связанные с необоснованным отказом в приеме на работу, увольнением беременной женщины или женщины, имеющей детей в возрасте до 3 лет, при установлении в ходе предварительного расследования корыстных мотивов или иной личной заинтересованности, могут быть квалифицированы по совокупности преступлений (ст. ст. 145 и 201 УК РФ - злоупотребление полномочиями, или 285 УК РФ - злоупотребление должностными полномочиями).

За совершение данного преступления предусмотрено наказание в виде штрафа в размере до 200 тыс.рублей либо обязательных работ сроком до 360 часов.

**Шамил Магомедов,
заместитель прокурора Гумбетовского района**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## Электронные услуги по линии МВД

**МВД, как и многие другие ведомства, давно перешло на виртуальный способ оказания услуг населению. К сожалению, наши граждане неохотно пользуются такой возможностью. Быть может, это связано с их мнимой информированностью.**

Чтобы восполнить этот пробел, об особенностях получения услуг в электронном виде остановимся на некоторых моментах.

**Какие услуги для населения оказывает МВД?**

Подобные услуги предоставляются различными подразделениями ВД. Так, информационный центр МВД по РД оказывает следующие виды слуг: апостилирование справок; выдача справок о наличии или отсутствии судимости; о реабилитации жертв политических репрессий; по выдаче архивных справок, выдача справок «О привлечении (не привлечении) лица к административному наказанию за потребление наркотических средств или психотропных веществ без назначения врача, либо новых потенциально опасных психоактивных веществ».

**А как это сделать?**

Надо зарегистрироваться на портале государственных услуг РФ и затем зайти на официальный сайт госуслуг, выбрать необходимый раздел, оформить заявление и получить услугу. После заполнения в соответствующей электронной форме обязательных сведений (ИНН, ФИО, СНИЛС, дата рождения и т.п.) гражданин получает код активации, с помощью которого у него появляется возможность войти на портал «Госуслуги» и воспользоваться всеми предоставленными сервисами. К примеру, с помощью портала можно будет подать различные заявления на получение той или иной услуги - от оформления водительских прав до оплаты штрафов. В оформленном заявлении будет указано время приема, к которому вам следует явиться для получения услуг.

**В чем преимущество получения услуг в электронном виде по сравнению с бумажным?**

Граждане могут обращаться через портал «Госуслуги» (www.gosuslugi .ru).

Преимущество пользования порталом государственных услуг заключается в сокращении сроков предоставления услуг, к примеру до 15 дней по линии информационного центра, когда в порядке живой очереди срок получения госуслуг составляет 30 дней. Уменьшаются финансовые издержки граждан и юридических лиц. Это новшество призвано свести к минимуму бюрократические проволочки. Программа электронных госуслуг рассчитана на понижение уровня коррупции в МВД, снижение административных барьеров и повышение доступности получения государственных и муниципальных услуг.

Граждане, которые оформляют заявления через портал государственных услуг, обслуживаются вне очереди. Кроме этого, при подаче заявления о предоставлении государственной услуги с использованием сети интернет заявитель имеет возможность получения сведений о ходе выполнения своего запроса о предоставлении государственной услуги. Это также на руку тем жителям, которые живут в различных районах республики. Они смогут, находясь у себя дома, получить любую государственную услугу, оказываемую Министерством внутренних дел Дагестана в электронном виде. От них только требуется приехать в МВД для получения готовой справки.

На портале дано описание каждой государственной услуги, включая полное официальное название, требования по срокам оказания, категории получателей государственной услуги, оплате государственной пошлины.

Постоянно проводится мониторинг качества обслуживания граждан, насколько вежлив и компетентен был сотрудник. На основании этой оценки впоследствии будут сделанныввыводы о работе того или иного подразделения.

На интернет-сайте МВД по РД в рубрике «Госуслуги, оказываемые гражданам» имеется вся необходимая информация для граждан о предоставляемых госуслугах МВД по РД, а также опубликована ссылка на сайт «Ваш контроль.ру», где граждане могут оставить свой отзыв о качестве предоставленной государственной услуги в МВД по РД в электронном виде.

**Зулпар Магомедов,
и.о. начальника ОМВД России по Гумбетовскому району, капитан полиции**

ТIИБ

## Туберкулез

**Туберкулез ккола рахунел унтабазул цояблъун. Гьеб бахуна туберкулезалъ унтараздасан ва унтараб хIайваналдасан. Гьединго хIухьел цIалаго гьаваялдасан чорхолъе ккезе бегьула туберкулезалъул микробал. Бахуна рахьалдасан, хIаналдасан. Гьелъ унтула киналго ригьалъул гIадамал.**

Туберкулезалъул унтул гIаламатал ккола кьижараб бакIалда гIетI бай, халатаб заманалда температура бахин, хIалцен ва тулеб жо бачIин, кванде гъира бангутIи, гьабулеб хIалтIуе къуват дагьлъи.

Жиндир заманалда халгьабичIони унти захIматаб, чорхое зарал кколеб хIалалде ккола. Туберкулезалъ щибго гIаламат тIаде лъачIого унтун ватизе бегьула. Гьеб лъала флюорография гьабун хадуб. Чорхолъ унтул гIаламатал лъугьинелдего туберкулезалъул унти тIатани, гьеб бигьаго сахгьабизе кIола. Гьединлъидал 15 сон баралдаса лъагIалида жаниб цо нухалъ флюорография гьабизе ккола.

Лъималазда гьоркьоб туберкулез ва гьелъул микроб чорхолъе ккун бугищан лъазе лъола проба манту. Гьелъул хIасилалда рекъон гьабула туберкулезалде данде дару. Гьелда тIадчIей гьабизе ккола эбелинсуцаги. Лъимал гьарулеб рокъоб, лъимер гьабун ункъо къоялде туберкелузалде данде вакцина гьабула. КIиабилеб вакцина гьабула лъимералъ 6-7 сон бадал. Гьелъ кумек гьабула туберкулезалъ унтунгутIизе.

ГIемерисел умумул данде чIола гьеб гьабиларилан. Гьеб мекъи буго. Туберкулезалъ унтарав чи хъизамалда вугони, гьесие рукъ батIа чIезабула. Гьесие жиндиего батIа букIине ккола цIа-рагI, бусен-къайи, полотенце ва цогидаб хIажатабщинабги. Замазаманалдасан гьениб гьабула дезинфекция. Унтарасда аскIор ругезе ихдалги хасалихъеги профилактикияб сах гьари гIуцIула, лъагIалида жаниб кIиго нухалъ флюорография гьабизе ккола.

Туберкулез буго халатккун сахгьабизе кколеб унти. 10-12 моцIалъги халат бахъуна сахгьари. Гьединлъидал хIаракат бахъизе ккола унтиларедухъ рукIине, гьеб захIматаб унтудаса цIунизе. Гьарула киназего сахлъи, цIунун таги щивав чи туберкулезалъул микроб бахиналдаса.

**Халисат ГIалиева,
Гумбет районалъул централияб больницаялъул врач-фтизиатр**

Бетlерав редактор
ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъорkь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1330
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.